



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 120 SIT VAKSINASYON TANPORÈ SOU YON PERYÒD 12 SEMÈN NAN KAD KANPAY #VAXTOSCHOOL POU OGMANTE POUSANTAJ VAKSINASYON PAMI NOUYÒKÈ KI PI JÈN YO**

**Sit yo sipòte objektif Eta a pou ogmante pousantaj vaksinasyon nan tout eta a pami jèn 12 a 17 ane yo**

***Nouvo sitwèb la nan [ny.gov/vaxtoschool](https://ny.gov/vaxtoschool) pou paran ak responsab yo avèk [resous](#) ki pare pou lekòl ak lokalite k ap òganize evènman #VaxtoSchool yo***

***Sit tanporè #VaxtoSchool yo ouvri nan zòn ki gen pousantaj vaksinasyon COVID-19 ba pami sila ki gen 12 a 17 ane yo ak kamyonèt #Vaxtoschool yo pou bay vaksinasyon mobil***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 120 sit vaksinasyon tanporè #VaxtoSchool (vaksen pou lekòl) pral anplas atravè New York sou yon peryòd 12 semèn nan kad kanpay #VaxtoSchool la pou ogmante pousantaj vaksinasyon pami Nouyòkè ki pi jèn yo. Sou yon peryòd 12 semèn, Depatman Sante Eta a pral travay avèk lokalite yo, òganizasyon kominotè yo ak sant swen sante ki sou plas yo pou etabli nouvo sit sa yo nan tout rejyon yo nan eta a, pou sipòte objektif Eta a pou ogmante anpil pousantaj vaksinasyon yo pami segman demografik sa a. Nan patenarya avèk Eta a, chak rejyon pral òganize de nouvo evènman chak semèn, epi patnè yo, sit òganizatè yo ak efò sansibilizasyon yo pral pèsonalize pou pi byen satisfè bezwen kominote yo kreye pou sèvi yo.

"Depi lè mwen te vin Gouvènè kat semèn de sa, mwen te fè sa klè ke nou dwe fè timoun, pwofesè ak pèsònèl yo tounen lekòl an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk sit vaksinasyon tanporè sa yo, n ap akselere kanpay #VaxtoSchool nou an sou wout la epi nou prale nan kominote kote pousantaj vaksinasyon yo toujou ap trennen pami jèn Nouyòkè yo pou nou kapab atenn otan fanmi posib epi rann lekòl nou yo pi sekirite pou elèv ak pèsònèl yo".

Eta a te lanse kanpay #VaxtoSchool nan tout eta a ki gen plizyè aspè pou sipòte ogmantasyon pousantaj vaksinasyon COVID-19 pami Nouyòkè ki gen laj pou lekòl yo, ki demontre tou angajman Gouvènè a pou rann sante ak byennèt elèv, pwofesè ak fanmi yo yon priyorite prensipal.

Yon pwofesyonèl medikal kominotè ap disponib nan chak sit pou reponn nenpòt

kesyon paran ak responsab yo ta genyen konsènan Nouyòkè yo a ki nan laj pou lekòl. An paralèl ak nouvo sit yo, kòm yon lòt mwayen pou ankouraje ak bay aksè ak vaksinasyon atravè kominote New York yo, bis #VaxtoSchool yo—efò vaksinasyon mobil yo—ap lanse nan zòn konvenab, ki santre sou jèn ak lekòl nan tout eta a, tankou espas rekreyatif piblik tankou teren baskètbòl ak pak. Sa ap ede rann vaksen an disponib ak aksesib pou Nouyòkè ki nan laj pou lekòl ak fanmi yo - rankontre ak yo kote yo ye a, nan yon fason nou kapab konfyè.

Nan kad efò sa a, Gouvènè Hochul te anonse dènyèman lansman **yon** nouvo sitwèb dedye nan [ny.gov/vaxtoschool](https://ny.gov/vaxtoschool) avèk resous ak materyèl enpòtan pou paran ak responsab Nouyòkè ki nan laj pou lekòl ak kominote lekòl yo. Nouvo sit la gen ladan [enfòmasyon](#), ak yon [Kesyon yo Poze Souvan \(FAQ\)](#) pou paran ak responsab yo, ansanm ak pil [pano ki pare](#) pou lidè lekòl yo sipòte edikasyon ak operasyon #VaxtoSchool nan lokal kominote yo sou plas. Sit la pral kontinye rete ajou avèk nouvo enfòmasyon sou kanpay #VaxtoSchool la, sa gen ladan [sit tanporè ak efò ankourajman](#)—tankou patenarya resan avèk Governor's Ball (Bal Gouvènè), kote yo te bay 125 tikè kòm akourajman pou sipòte pwogram #VaxtoSchool Eta a.

Eta a te lanse yon nouvo chèn Instagram, [@VaccinateNY](#), pou edike Nouyòkè ki nan laj pou lekòl ak fanmi yo konsènan vaksen COVID-19 la dirèkteman. Nouvo paj rezo sosyal la bay kontni ki aksesib ak entèaktif atravè enfòmasyon sou vaksen an ki fasil pou konprann, patenarya kontni pwospektif, konkou konsepsyon rezo sosyal #VaxtoSchool ak videyo rapid ki bay eksplikasyon, asire pa gen okenn bagay ki lese dèyè nan efò nou pou bay tout Nouyòkè enfòmasyon sou vaksen COVID-19 la. DOH pral anplifye tou efò edikatif dijital yo nan tout chèn yo a, sa gen ladan Facebook, Instagram ak Twitter.

Timoun ki gen 12 a 17 ane yo kapab pran vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech, ki disponib anba Otorizasyon pou Itilizasyon Ijans pou timoun ki gen 12 a 15 ane epi li apwouve konplètman pou sila yo ki gen 16 ane ak plis. Lòt vaksen COVID-19 yo poko otorize oswa apwouve pou gwoup laj sa a. Si ou se yon paran oswa responsab yon Nouyòkè ki nan laj pou lekòl, ou kapab ale tou sou [vaccines.gov](https://vaccines.gov), voye kòd postal ou nan mesaj bay 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon sit vaksen ki pi pre ou. Asire founisè a ofri vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la.

Nou ankouraje paran yo pou asire timoun yo ajou nan tout vaksinasyon ki rekòmande ak obligatwa. Ale sou [sitwèb Depatman Sante](#) pou plis enfòmasyon sou vaksinasyon ki rekòmande pou timoun ak adolesan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)